# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI STATISTIKA BASQARMASI SANAAT STATISTIKASI BO`LIMI

## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASINDA 2020-JIL YANVAR-MART AYLARI USHIN SANAAT ÓNIMLERI ISLEP SHIǴARIW TARAWINIŃ TIYKARǴI KÓRSETKISHLERI

**Sanaat islep shıǵarıw kólemi 3352,6 mlrd. sum, sanaat islep shıǵarıwdıń fizik kólem indeksi 106,1 % ti quradı.**

**Tutınıw tovarları islep shıǵarıw kólemi 447,2 mlrd. sum hám ósim páti 103,7 % ti quradı.**

**Tutınıw tovarlarınıń jámi sanaat islep shıǵarıwdaǵı úlesi 13,3 % ti quradi.**

**Sanaat islep shıǵarıwda kishi biznestiń úlesi 19,5 %**

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2020-jıldıń yanvar-mart aylarında respublika kárxanaları tárepinen 3352,6 mlrd. sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, ótken jıldıń tiyisli (sáykes, yanvar-mart aylarına) dáwirine salıstırǵanda sanaat islep shıǵarıwdıń fizik kólem indeksi 106,1 % ti quradı.

Ónim islep shıǵarıwda eń úlken kólem islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) kárxanalar tárepinen islep shıǵarılǵan bolıp, olardıń jámi sanaat ónimleri islep shıǵarıwdaǵı úlesi 85,9 % ti quraydı.

Sanaat islep shıǵarıwdıń ósiwine elektr, gaz, puw menen táminlew hám hawanı konditciyalaw kárxanalarıda jeterli úleslerin qostı, olardıń ulıwma sanaat ónimlerin islep shıǵarıwdaǵı úlesi 13,1 % ti quraydı.

### *2020-jıldıń yanvar-mart aylarında ahmiyetli ekanomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanaat islep shıǵarıw quramı*




- Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew (indeks -19,0 %)
- Islep shıǵaratuǵın sanaat (qayta islew sanaatı) (indeks - 110,2% )
- Elektr, gaz, puw menen táminlew hám hawanı konditciyalaw (indeks -138,0 % )
- Suw menen táminlew, kanalizaciya, shıǵındılardı utilizaciya qılıw (indeks - 45,8%)

## *Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew.*

Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew kárxanaları tárepinen 2020-jıldıń yanvar-mart aylarında islep shıǵarılǵan ónimler muǵdarı 20,4 mlrd. sumdı yaǵniy ulıwma islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri muǵdarınıń 0,6 % in quraydı.

### *Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew ónimleri*



## *Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islewde iri sanaat kárxanaları tárepinen ayrım túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw .*

| | 2019-jıl yanvar-mart | 2020-jıl yanvar-mart | ósim páti % |
|---|---|---|---|
| Háktas, t | 41347,0 | 74529,0 | 180,3 |
| Tabiy qumlar, t | 102433,0 | 92768,0 | 90,6 |
| Tabiy gaz, mln. kub. m. | 718,1 | 694,3 | 96,7 |
| Gaz kondensatı, mıń t. | 29,3 | 27,9 | 95,3 |
| Shebin, t | 44026,0 | 64348,0 | 146,2 |

Taw-kán sanaatında islep shıǵarılǵan ónimler túri boyınsha háktas qazıp alıw kólemi ótken jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda 80,3 % ke, shebin qazıp alıw 46,2 % ke óskenligin kóriwimiz múmkin hám tabiy qumlar - 9,4 %, gaz kondensati 4,7 % ge hám tábiy gaz qazıp alıw 3,3 % ge páseyiwi baqlandı.

## *Islep shıǵaratuǵın sanaat (qayta islew) sanaatı*

2020-jıldıń yanvar-mart aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 2880,3 mlrd. sumdı yaǵnıy ulıwma islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri kóleminiń 85,9 % tin quraydı.

Jámi islep shıǵarılatuǵın sanaatta(qayta islew) ximiya ónimleri, rezina hám plastmassa buyımların islep shıǵarıw - 56,7 %, azıq - awqat hám ishimlikler islep shıǵarıw - 12,1 %, basqa metall emes, mineral ónimler islep shıǵarıw - 2,7 % ti quradı.

Islep shıǵarılǵan sanaat strukturasında joqarı texnologiyalı tarmaqlardıń úlesi 1,2 % (2019-jıldıń yanvar - mart aylarına salıstırǵanda ósim páti 0,4 %), ortasha-joqarı texnologiyalı 65,7 % (69,8 %), ortasha-pás texnologiyalı 4,7 % (4,4 %), hám pás texnologiyalı 28,4 % (25,4 %) ti quraydı.

## 2020-jıldıń yanvar-mart aylarında islep shıǵarıwdıń texnologik strukturası boyinsha islep shıǵaratuǵın sanaat strukturası



## Islep shıǵaratuǵın sanaat
## (qayta islew sanaatı)

| | 2019-jıldıń yanvar-mart aylarında islep shıǵarılǵan ónimler (mln. sum) | 2020-jıldıń yanvar-mart aylarında islep shıǵarılǵan ónimler (mln. sum) | Fizik kólem indeksi |
|---|---|---|---|
| Azıq-awqat ónimleri | 292611,9 mln. sum | 372847,7 mln. sum | 107,2 % |
| Ishimlikler islep shıǵarıw | 41237,1 mln. sum | 33904,4 mln. sum | 87,4 % |





# Islep shıǵaratuǵın sanaat
# (qayta islew sanaatı)

2019-jıldıń yanvar-mart aylarında islep shıǵarılǵan ónimler (mln. sum)

2020-jıldıń yanvar-mart aylarında islep shıǵarılǵan ónimler (mln. sum)

**Tekstil ónimleri**

271661,0 mln. sum



Fizik kólem indeksi 127,8 %

373110,5 mln. sum

**Farmaceptika ónimleri hám preparatlar**

9866,9 mln. sum



Fizik kólem indeksi 49,1 %

4528,9 mln. sum

## Islep shıǵarılatuǵın (qayta islew )sanaatta iri sanaat kárxanaları tárepinen ayrım túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| | 2019-jıl yanvar-mart | 2020-jıl yanvar-mart | ósim páti, % |
|---|---|---|---|
| Paxta talası, t | 18103,0 | 14761,8 | 81,5 |
| Ósimlik mayı (tazalanǵan), t | 4544,6 | 3352,7 | 73,8 |
| Tazalanǵan gúrish, t | 654,9 | 1913,4 | 292,2 |
| Jumsaq biyday unı, t | 19828,8 | 22284,5 | 112,4 |
| Biyday nanı , t | 633,7 | 123,3 | 19,5 |
| Makaron ónimleri, t | 487,1 | 123,3 | 25,3 |
| Iri shaxlı qaramallar ushın tayar azıq , t | 13759,4 | 11270,9 | 81,9 |
| Araq, mıń l. 100% spirt | 1061,8 | 904,8 | 85,2 |
| Karbonat dinatriya, mıń t. | 46,3 | 51,0 | 110,2 |
| Polietilen, t. | 89693,3 | 92453,7 | 103,1 |
| Polipropilen, t. | 23775,7 | 25713,4 | 108,1 |

Óz náwbetinde qayta islew sanaatında ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda tazalanǵan gúrish - 2,9 esege, jumsaq biyday unı - 12,4 % ke polipropilen - 8,1 % ke, polietilen - 3,1 % ke, óskenin hám paxta talası, makaron ónimleri islep shıǵarıw, biyday nanı ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda sezilerli dárejede páseygenin kóriwimiz múmkin.

## Elektr, gaz, puw menen táminlew
## hám hawanı konditciyalaw.

Elektr, gaz, puw menen táminlew hám hawanı konditciyalaw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 437,7 mlrd. sumdı (ulıwma islep shıǵarılǵan sanaat ónimler kóleminiń 13,1 % in) quraydı.

### Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı konditciyalaw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen ayrım túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| | 2019-jıl yanvar-mart | 2020-jıl yanvar-mart | ósim páti, % |
|---|---|---|---|
| Elektr energiyası, mln. kVt/s | 1092,2 | 1091,4 | 99,9 |
| Issılıq energiyası, gkal | 19,2 | 14,3 | 74,7 |

## Suw menen támiyinlew, kanalizaciya, shıǵındılardı utilizaciya qılıw

Suw menen támiyinlew, kanalizaciya, shıǵındılardı utilizaciya qılıw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 14,2 mlrd. sumdı ulıwma islep shıǵarılǵan sanaat ónimler kóleminiń 0,4 % ti quraydi.

Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda shıǵındı suwlardı joǵaltıw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetlerdiń 52,8 % ge, suwǵa islew beriw hám suw tarmaqları boyınsha bólistiriw xızmetleri 25,4 % ge, qáwipsiz shıǵındılardı jıynaw xızmeti 2,0 esege kóterilgenligi baqlandı.

## Tutınıw tovarların islep shıǵarıw

Tayar ónimler túrlerin keńeytiriw hám islep shıǵarıwdı qollap-quwatlaw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan is-rejeler nátijesinde tutınıw tovarların islep shıǵarıw kólemi 447,2 mlrd. sumdı hám ótken jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda ósim páti 3,7 % ti quradı, ulıwma islep shıǵarılǵan sanaat ónimler kóleminiń 13,3 % in quradı.

2020-jıldıń yanvar-mart aylarında azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw 245,3 mlrd. sumdı quraǵan bolıp, jámi tutınıw tovarlarındaǵı úlesi - 54,8 %, azıq-awqat emes tovarlardı islep shıǵarıw 168,9 mlrd. sumdı, jámi tutınıw tovarlarındaǵı úlesi - 37,8 %, alkagol ónimlerin islep shıǵarıw 33,0 mlrd. sum esaplanıp jámi tutınıw tovarlarındaǵı úlesi - 7,4 % ti quradı.

### 2020-jıldıń yanvar-mart aylarında tutınıw tovarların islep shıǵarıw kólemi hám ósim páti, % te



## 2020-jıldıń yanvar-mart aylarında aymaqlar boyınsha tutınıw tovarların islep shıǵarıw kólemi, strukturası

| | mlrd. sum | úlesi, % | ósim páti % |
|---|---|---|---|
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 447,2 | 100,0 | 103,7 |
| Ámudarya | 26,6 | 5,9 | 101,5 |
| Beruniy | 39,1 | 8,7 | 100,2 |
| Bozataw | 1,6 | 0,4 | 107,7 |
| Qanlikól | 32,1 | 7,2 | 124,4 |
| Qaraózek | 7,1 | 1,6 | 100,6 |
| Kegeyli | 8,4 | 1,9 | 100,0 |
| Qońırat | 28,3 | 6,3 | 101,0 |
| Moynaq | 3,8 | 0,9 | 100,0 |
| Nókis | 7,3 | 1,6 | 100,6 |
| Taqıyatas | 16,4 | 3,7 | 100,2 |
| Taxtakópir | 24,0 | 5,4 | 134,2 |
| Tórtkúl | 41,8 | 9,3 | 102,2 |
| Xojeli | 50,1 | 11,2 | 100,4 |
| Shımbay | 14,2 | 3,2 | 100,7 |
| Shomanay | 7,3 | 1,6 | 100,1 |
| Ellikqala | 20,7 | 4,6 | 100,3 |
| Nókis qalası | 118,4 | 26,5 | 101,2 |

## Iri hám kishi biznes subektleri tárepinen sanaat islep shıǵarıw quramı, %




## Shet el investiciyaları qatnasıwındaǵı kárxanalar tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler

Esabat dáwirinde shet el investiciyaları qatnasıwındaǵı kárxanalar tárepinen 1946,0 mlrd. sumlıq ónim islep shıǵarıldı.

Esabat dáwirinde shet el investiciyaları qatnasıwındaǵı kárxanalardıń ulıwma islep shıǵarıwdaǵı úlesi 58,0 % ti quradı.

### *Shet el investiciyaları qatnasıwındaǵı kárxanalar ónimleriniń ulıwma sanaat quramındaǵı úlesi, %*






## 2020-jıldıń yanvar-mart aylarında aymaqlar boyınsha jámi sanaat islep shıǵarıw

| | mlrd. sum | ósim páti % |
|---|---|---|
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 3352,6 | 106,1 |
| Ámudarya | 106,2 | 123,3 |
| Beruniy | 79,5 | 103,5 |
| Bozataw | 36,1 | 104,2 |
| Qanlikól | 89,6 | 112,9 |
| Qaraózek | 38 | 103,7 |
| Kegeyli | 72,7 | 104,3 |
| Qońırat | 58 | 118,3 |
| Moynaq | 15,9 | 106,6 |
| Nókis | 69,2 | 126,4 |
| Taqıyatas | 380,5 | 144,5 |
| Taxtakópir | 38,1 | 149,4 |
| Tórtkúl | 105,6 | 153,1 |
| Xojeli | 123,5 | 107 |
| Shımbay | 48,9 | 108,2 |
| Shomanay | 15,4 | 153,4 |
| Ellikqala | 69,1 | 111,2 |
| Nókis qalası | 2006,3 | 101,9 |

## Aymaqlardıń sanaat islep shıǵarıwı

Qaraqalpaqstan Respublikasında sanaat kárxanaların modernizaciya qılıw, texnik hám texnalogik qayta inventarlaw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan is-rejeler aymaqlarda islep shıǵarıw kólemı hám sıpatın joqarılatıwına xızmet etpekte.

Respublika sanaat islep shıǵarıw kólemi quramında eń kóp úles Nókis qalası (respublika sanaat islep shıǵarıw kólemindegi úlesi 59,8 %), Taqıyatas (11,3 %), Xojeli (3,7 %), Ámudarya hám Tórtkúl (3,1 %) rayonları úlesine tuwri keledi.

### 2020-jıldıń yanvar-mart aylarında aymaqlardıń jámi sanaat islep shıǵarıw kólemindegi úlesi, (% te)



Xalıq jan basına sanaat ónimleri islep shıǵarıwdıń bóliniwi Nókıs qalasında (6263,8 mıń sum), Taqiyatas (5148,9 mıń sum), Qanlikól (1757,2 mıń sum) rayonlarında ortasha respublika dárejesi kórsetkishinen (1763,5 mıń sum) ádewir joqarılıǵın kórsetpekte.

***Aymaqlar boyınsha xalıq jan basına sanaat ónimlerin islep shıǵarıw, (mıń sumda) (2020-jıl yanvar-mart ayları ushun)***



Respublika boyınsha xalıq jan basına tutınıw tovarları islep shıǵarıw 235,2 mıń sum bolǵan bolsa Qanlikól rayonı 629,0 mıń sum, Taxtakópir rayonı 598,8 mıń sum, Xojeli rayonı 408,0 mıń sumdı quramaqta.

***Aymaqlar boyınsha xalıq jan basına tutınıw tovarların islep shıǵarıw, (mıń sumda) (2020-jıl yanvar-mart ayları ushun)***



## *Sanaat islep shıǵarıwda kishi biznestiń úlesi.*

Esabat dáwırınde kishi biznes subektleri tárepinen 653,2 mlrd. sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarıldı. Esabat dáwirinde kishi biznestiń uliwma sanaat islep shıǵarıwdaǵı úlesi bolsa 19,5 % ti quraydı.

Aymaqlar kesiminde kishi biznestiń sanaat ónimlerin islep shıǵarıwdaǵı eń joqarı ulesi Qaraózek, Moynaq, Shomanay hám Ellikqala (ulıwma sanaat ónimleri islep shıǵarıwdaǵı úlesi (100 %), Shımbay (96,8 %), Beruniy (80,0 %) rayonlarında baqlanǵan bolsa, eń kishi úles Nókis qalasında (5,5 %), hám Bozataw (5,1 %) rayonında gúzetiledi.

**2020-jıldıń yanvar-mart aylarında aymaqlar boyınsha kishi biznestiń sanaat ónimleri islep shıǵarıwdaǵı úlesi , %**



**2020-jıldıń yanvar-mart aylarında tayar ónimler, qosımsha bólekler hám materiyallar islep shıǵarıwdı lokalizaciya dástúriniń ahmiyetleri.**

Tayar ónimler, qosımsha bólekler hám materiyallar islep shıǵarıwdı lokalizaciya dástúriniń ámelge asırılıwı respublika sanaat ónimleri islep shıǵarıwdı rawajlandırıwǵa óz tásirin kórsetti, dástúr boyınsha 13,5 mlrd. sumlıq ónim islep shıǵarıldı.

Lokalizaciya dástúrı sheńberinde 2020-jıldıń yanvar-mart aylarında 312 jańa jumıs orınları ashıldı hám ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda jańadan jumıs orınlar sanı 1,3 esege astı.

| | 2019-jıl yanvar-mart | 2020-jıl yanvar-mart |
|---|---|---|
| Joybarlar sanı, birlik | 12 | 21 |
| Kárxanalar sanı, birlik | 10 | 19 |
| Islep shıǵarıw kólemi, mlrd. sum | 997,7 | 13,5 |
| Eksport qılınǵan lokalizaciya ónim kólemi, mıń AQSh dollarda | 83,3 | 0,0 |
| Jańadan ashılǵan jumıs orınları, birlik | 242 | 312 |

Q.R Statistika basqarması
sanaat statistikası bólimi
*baylanıs telefonı: (61) 222-75-87*